

Liggéeyu Mbay ak Defarum Lekk ci NYS

Me 2023

Yii ay xeetu liggéeyu mbay lañu yu jàppandi ci New York ci jàppandi. Ñi ci dañ leen di laaj ngeen yëkkati lu ëpp 50 livres (23 kilos) te taxaw lu toll ci 8 waxtu bis bu nekk wala lu ko gëna yagg. Yenn liggéey yi xam-xam dañuy laaj nga am tuuti xam-xam kese, yeneen yi dañuy laaj nga am ay xam-xam ci ay jumptukaay, saytu ñeneen ñi ak yeneen.

Liggéeykat bu yëngu ci jumptukaayu mbay: Doxal ab masin lu bari lay am ci xeeti tool yépp. Liggéey yii dañuy faral di laaj nga am jaar-jaar ci ni ñuy jëfandikoo ak nan lañuy defaree am jumptukaayu mbay. Yenn tool yi sawar nañu ci tàggat liggéeykat yi ci niñuy jëfandikoo ay mbir yu xarañ lool. Xeeti jumptukaay yi dañuy wuute ci àju ci costéef yi.

- Liggéey yi mën nañu doon boole mbir yu mel nii:
 - Jëfandikoo te jaxase pesticides chimiques yi te def leen ci ab jumptukaayu pomp
 - Pompé ay angaré wala ay pesticides ngir xeex soccant yi, feebar yi ak ñax yu bon yi ak ay masinu pomp yuñuy jëfandikoo ak loxo
 - Doxal wala defar jumptukaay buñu jëfandikoo porodiwi mbay mi, yu mel ni tracteurs, saxalukaay, moissonneuses-batteuses, ak jumptukaayu xëcc ndox
 - Defaraat te toppatoo masinu mbay yi te xamal ko saytukat yi su masin yi yaxoo
 - Seeré jumutukaayi mbay yi, yu mel ni ay sareet, ay disk, ay pomp wala ay moissonneuses aux tracteurs
 - Jëfandikoo ay jumptukaay yuñu xëcc yu mel ni semoir wala épandeurs de fumier
 - Dawal ay kamion yu mag ngir yobbu li ñu am ci mbay mi génnee leen ci tool te wacce fa li ñu goob

Liggéeykatu toolu meew wala sammkat: Liggéey yii dafay laaj nga laalee ak mala yuy joxe meew. Liggéey yi mën nañu tambalee ci ay liggéeyi loxo, yu mel ni ràtt ay nag ak toppatoo bi war ci mala yu ndaw yi, ba ci saytu ay gétt yuñu gëna xarañ yuy laaj ay xam-xam yu sori ci mala yi, jëfandikoo ay jumptukaay yu xarañ ak yeneen.

- Liggéey yi mën nañu doon boole mbir yu mel nii:
 - Ràtt nag yi ñaar ba ñetti yoon ci bis bi
 - Jëfandikoo ay masin ngir raxas dëkkuwaayu àll bi
 - Dawal ay tracteur ak ay masin yuñu mēna remorquer yu mel ni ay wasaarekaayu angaré ak defay jumtukaay ci terrain bi
 - Raññee te faj nag yu feebar yi
 - Jàppale ci wësinu nag yi ak toppatoo nag yi ak seeni doom
 - Japale ci toppatoo suuf tanku nag yi
 - Joxe ay ñakk
 - Yar ay nag
 - Jàpp si toxal gétt yi

Liggéeykati pépinières yi: Xeetu liggéey bii mu ngi aju ci yokk garab yi, mbayum ay xoox, ak transplantation ak njaayum garab yu magg.

- Liggéey yi mën nañu doon boole mbir yu mel nii:
 - Saxal, waxxi, tooyal, def anganré, transplanter ak yobbu ay tóor-tóor ci at mu nekk, lejumu taabal yi ak garabi automne yi
 - Toppatoo jumutukaayu pépinière bi,
 - Toppatoo taabalu mbay bi ak tooli tóor-tóor yi ci biti
 - Doxal jumtukaay yi
 - Jàppale ci saytug defarug angaré

Liggéeykati yu nekk ci wàllu defar gi ak jaay mi Bay ci Diiwaan buñu Saytu (ACE): Tool yii dañuy bay ay lejum ak ay ñax ci ay taabal wala ci ay tabax ci dëkku taax yi ak ci dëkku kaw yi. Secteur bii mu ngi wut ay liggéeykat yuy sooga tambali mbayum garab ba ci saytu ay taabal ak ab këru-liggéeyukaay.

- Liggéey yi mën nañu doon boole mbir yu mel nii:

- Jàppale ci saxal bi, paj mi, toppatoo gi ak jexi ay lejumu xob, ay ñax ay tamaate ak yeneen
- Jiite liggéey yuñuy amal bis bu nekk
- Toppatoo barab ak bayaali mbay yi ngir artu ci feebar yi
- Liggéey ci liiñu pakete ay lejum ak ñax yi
- Saytu te tàggat liggéeykat yi

Liggéeykatu isinu defarukaay meew: Secteur bii soppi meew mi te defar ay prodiwu meew niki meew yuñuy def ci biteel, yaawur, kereem bu am suukër, formaasu cottage ak kereem galaas. Amna ay isin yu bari yu ay këri-ligéeyukaay yu nekk biir NYC nekk di jiite. Palaas yii ñu ngi tambaalee ci liggéey ak jumtukaayu defar ba ci saytu baaxaay bi, pakété ak yobbu prodiwi. Isinu meew yi dañuy joxe ab tàggat ci jamono ji ngay liggéey

- Liggéey yi mën nañu doon boole mbir yu mel nii:

- Doxal jumtukaay yuñuy jëfandikoo ngir soppi ak pakété prodiwi yi.
- Raxas te saytu jumtukaay bi ak matariyeel yuñuy soxla ci barabi defarukaay ak pakété yi
- Jox ndimbal liggéeykati yi nekk ci defar gi, ngir wey defar ak baaxaayu prodiwi yi.
- Dawal ay kamion ngir séddale prodiwi yi (da nga wara am permis de conduire commercial)
- Jox ndimbal liggéeykati yi nekk ci defar gi, ngir wey defar ak baaxaayu prodiwi yi.
- Defar ak saafaral yenn jafe-jafey liggéey
- Jàppale ci waajal ay prodiwi ngir yobbu leen
- Jàppake ci garanti ay progarami kaarànge ak baaxaayu lekk yi
- Saytu te tàggat liggéeykat yi

Liggéeykatu isinu soppi ay lekk: Secteur bii dafay yëngu ci sos ay prodiwi yu bees di jëfandikoo ay jumtukaay mbay tambalee ko ci ay firiwi ak ay lejum ba ci kafé. Ci biir NYS, am nañu fa ay isinu defar yu bari yuy wut ay liggéeykat ngir jàppale ci defar, séddale ak garanti baaxaay.

- Liggéey yi mën nañu doon boole mbir yu mel nii:

- Doxal ay masinu defar te saafara ay jafe-jafe
- Jox ndimbal liggéeykati yi nekk ci defar gi, ngir wey defar ak baaxaayu prodiwi yi.
- Dawal ay kamion ngir séddale prodiwi yi (da nga wara am permis de conduire commercial)
- Jàpale ci saytu baaxaay bi, bokk na ci defar ay échantillon prodiwi ci ay tolluwaayi defar yu bari ak pakéyé bi.
- Jàppale ci bind ci registre yi ak ci cetug ñam yi ak garanti baaxaay.